

**«ФÆЛЛОЙНÆ – ЦАРДИ ФÆРÆЗНÆ, Æ ФАРНÆ БА ÆМГУСТИ ПАРАХАТ КÆНУЙ!..»**

***Кæд æма Сурх Æфсади бон бацæй Райгурæн бæсти размæ æ ихæс исæнхæст кæнун æма немуцæгти фендæдуар кодта советон зæнхæй, уæд ин е бантæстæй уомæ гæсгæ, æма ин фæскъилдунæй æновудæй агъазгæнæг адтæй нæ бæстæ æнæгъæнæй дæр, нæ бæсти еугур адæмтæ дæр. Еугур советон адæми уодуæлдай фæллойнæ... цудæй, «Алцидæр фронтæн», зæгъгæ, турусай буни...***

***Иосиф СТАЛИН***



Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

# Дигорæ

0+

№36 (775) 2020 анзи 18 ноябрь – геуæргобай мæйæ

Аргъ 1 туман



**НÆ МАДДÆЛОН ДИГОРОН ÆВЗАГ ХЪАЗАР КÆМÆН ÆЙ, Æ КАРНÆБÆЛ ИН КА ТУХСУЙ, УОНÆЙ КОРÆН ÆМА**

**РАФИНСЕТÆ ГАЗЕТ «ДИГОРÆ»**

**2021 АНЗИ ФИЦЦАГ ÆМБЕСÆН.**
**Æ РАФИНСУНИ АРГЪ АНЗИ ÆРДÆГÆН ÆЙ 357 СОМИ ÆМА 36 КЪАПЕККИ; УÆЛБАРТÆМÆ ГÆСГÆ БА – 315 СОМИ ÆМА 90 КЪАПЕККИ.**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА ПОСТХÆСГУТÆМÆ ДÆР.**

***Мæнæ абони ци силгоймаги къарæ мухур кæнæн, уой нури кæстæртæ, æвæдзи, нæ зондзæнæнцæ, фал æй хестæртæ ба уайтæккæ дæр базондзæнæнцæ – БОЛЛОТИ Полий Елхъани кизгæ. Æ рæстæги æ фæллойнадон æнтæстдзийнæдти аци хъазауатон колхозон силгоймаги кой æ райгурæн Æхсæрисæрæй райгъустæй хъæбæр идæрдтæбæл – айдагъ Иристонбæл нæ, фал ма нæ устур Советон Цæдеси берæ рауæнтæбæл дæр. Райгурæн бæстæ ин исаккаг кодта Социалистон Фæллойни Бæгъатæри цитгин ном. Аци анз æ райгурдбæл исæнхæст æй дæс æма фондзинсæй анзи, æма уой фæдбæл ци æрмæгутæ мухур кæнæн, уонæй дууæ бацæттæ кодта æ хуæрзсинхон КОЛИТИ Виталийи финст номерæн новеллæ æма имисуйнæгтæ.***

## КÆРДТУ СÆРТÆГ ÆЙ...

*(Боллоти Полийи номбæл)*



**КОЛИТИ Виталий,**
Уæрæсей финсгути Цæдеси иуонг

Æхсæрисæри ма цæргæй, рæзæ бæлæстæ ни ке дзæхæрадони нæ адтæй, уæхæнттæ æстæнтæ адтæнцæ. Фал нæмæ уæддæр нæ уод, нæ цæстау кастæй, биццеу угæй, еске дзæхæрадонæмæ балæсун, цума уони рæзæ адгиндæр уидæ, утæ нæмæ кæсидæ.

Мадта уæлдай æновуддæр ба адтан Боллоти Полийи сæрддон кæрдтутæ æма фæткъутæбæл. Угæ, айдагъ мах нæ, – æхе фурти биццеутæ дæр нæ хæццæ æмдавинæ уиуонцæ.

Уотемæй еу фæсарæфти, бæласи сæрбæл куд адтан, уотемæй Полий нæ цори æрбалæудтæй. Иннетæ бæргæ æртæррæститæ кодтонцæ, мæнæн ба мæ къах къалеуи сагели рахастæй æма бустæгидæр ниййахæвдæг дæн.

– Æрхезæ, ма тæрсæ, нæ дæбæл исардаудзæнæн дæ мади.

– Мæ къах сагели ниххастæй, – мæ бон нæй æрхезун.

Зæронд силгоймаг æхе разилдта, рандæ ’й æма тургъæй даргъгомау асийнæ, тухуолæфтгæнгæй, æрбахаста. Æрхизтæн, мæ рони ци кæрдтутæ адтæй, уони ин æ цормæ рауæгъдæ кодтон.

– Хæссæ сæ уæхемæ, дæ мадæ æма си дæ хуæрæн дæр мæн номæй фæххай кæндзæнæ, сæ комтæ райефхæссонцæ. Дæхуæдæг ба дæхе гъæуай кæнæ, кæрдтуй къалеутæ дæр еуæй-еу адæмтау сæртæг æнцæ, æууæнкæ сæбæл нæййес, ци усми никъкъæрцц кæндзæнæй дæ къахи буни, кенæ ибæл дæхе бауадзгæй, е бæрæг нæй. Цо, æма дæ ку гъæуа, уæд мин мæхецæн зæгъисæ.

«Æвæдзи, седзæр ке дæн, уой туххæй мин фæттæрегъæд кодта», – рагъуди кодтон мæ меднимæр, æндæр иннети фæсте æлгъетæн дзурдтæ дæр ма ку æхста...

Уæдæй нурмæ рацудæй дзæвгарæ æнзтæ. Раги бацудæй е ’цæг дуйнемæ, Цæгат Кавкази тæккæ фиццагидæр силгоймæгти ’хсæн Социалистон Фæллойни Бæгъатæри ном лæвæрд кæмæн æрцудæй, еци Полий.

Берæ хæттити мæ раурститæ кæнидæ цард, берæ сæртæг, гадзирахат адæмтæбæл исæмбалдтæн мæ царди, æма-еу уæд кæддæриддæр мæ зæрдæбæл æрбалæууиуонцæ Полийыи кæддæри зундамонæн дзурдтæ: «Адæм дæр кæрдтуй къалеутау сæртæг æнцæ».

Мæрдти цъæх талатæ исуадзæ, Полий, ци раст адтæ ду, æма дæ ци æрæгиау балæдæрдтæн...

Ци рæзи фингидзаг дин исцæттæ кодтон, е дин хæлар уæд!

***Психологти амундæй адæмласæн лифтти æвæрун райдæдтонцæ айдæнтæ. Уой фæрци, дан, фæмминкъийдæр уодзæнæнцæ æнæуагæ миутæ: æгъдауихалæг айдæни æхе ку фæууина, уæд æ нифс нæбал бахæсдзæнæй цъамар миуæ ракæнунмæ... Нур нин нæ цардиуагæ ка æведауцæ кæнуй, уони ба циуавæр айдæнтæй фефсæрми кæнæн?***

**Дууæ синхон паддзахадей, Азербайджан æма Сомехи ’хсæн Нагорный Карабахи фæдбæл тогниккалди буцæутæ ку рауадæй, уæд мæмæ, куд аллихатт, уотæ бабæй уайтæккæ Мæскуйæй исдзурдта мæ рагон хуарз æрдхуард, журнал «Знамя»-й сæйраг редактор Сергей ЧУПРИНИН. Хъæбæр батухстæй еци хабæртти фæдбæл, уæдта, махмæ Цæгат Иристони еци адæмихæттити минæвæрттæй берæ ке цæруй, уой зонгæй мæ фарста, уавæр уæмæ куд æй, уобæл дæр. Æз ин рахабæрттæ кодтон, загътон ин уой дæр, æма Азербайджани æма Сомехи ’хсæн ци нихмæлæуд æма хæлхъойтæ рауадæй, етæ цæйбæрцæбæл сагъæссаг æнцæ мах дзиллæн дæр. Æма нæмæ ци азербайджанæгтæ æма сомехæгтæ цæрунцæ, уони ’хсæн рахастдзийнæдтæбæл цæмæй лæгъузæрдæмæ ма фæббæрæг уонцæ, уой туххæй нæ республики Национ рахастдзийнæдти Министради, иннæ бæрнон паддзахадон æма æхсæнадон оргæнти косгутæ цалдæр хатти фембалдæнцæ еци адæмти национ-культурон центрти разамонгути хæццæ. Зæгъун гъæуй уой, æма дууæ адæмихаттей минæвæрттæ дæр балæдæрдтæнцæ, нæ дзилли сагъæс цæбæл æй, уой, æма сæ гъуди æргомæй загътонцæ: Иристон еци бунат нæй, Нагорный Карабахи лухкæнуйнаг фарста кæми равзарæ – бавзарæгонд цæуонцæ. Цæттæгонд æрцудæй бадзубандигонд æма си сæ къохтæ бафинстонцæ национ рахастдзийнæдти фартати фæдбæл Министради, Æхсæнадон палати, Устур Нихæси æма динти разамонгутæ. Еци бадзубандигонди куд загъд ес, уотемæй республики цæргутæ алли ардауæн æма хилкъахæн архайдæй сæхе гъæуама гъæуай кæнонцæ æма макæци æзмæнстити бахауонцæ, гъæуай кæнонцæ республики сабур цард. Кæрæдзей лæдæргæй, сабур цард кæнун, терроризм æма экстремизми нихмæ тох кæнун, культурæ æма æвзаг багъæуай кæнун – е æй сæйрагдæр нисан, æма уомæ гъæуама тундзæн идарддæр дæр.**

**Еци гъуддæгути фæдбæл Сергей Чупринини хæццæ нæ дзубанди ци хузи рауадæй, уой фæдбæл æрмæг ба кæсетæ идарддæр.**

**САКЪИТИ Эльбрус**

# «ДÆХЕ ЦАРДИ ХУЗÆН ХЪАЗАР ДИН УÆД ИННЕЙ ЦАРД ДÆР!..»



**Сергей ЧУПРИНИН æма æ цардæмбал Людмилæ, Беслæни фудракæнди ка фæммард æй, уони уæлмæрдтæ «Изæдти сахар» бабæрæг кæнуни рæстæг (астæуæй САКЪИТИ Эльбрус).**

**С.Э.:** *Зонун æй, Сергей, нæ республики, уæдта Цæгат Кавкази æнæгъæнæй уавæртæ дæ зæрдæмæ куд хæстæг есис, ести æверхъау цаутæ си ку æрцæуй, уæд уой туххæй куд бахъонц кæнис... Беслæни 2004 анзи сентябри фудбæлах ку æрцудæй, уæд дæуæн дæр куд устур зæрддзæф адтæй еци хабар, куддæр æй райгъустай, уотæ мæмæ уайтæккæ дæр Мæскуйæй исдзурдтай, хъæбæр тухст æма зæрдхъурмæй мæ фарстай, ци бæлах нæбæл æрцудæй, уой туххæй… Уой фæсте дæр мæмæ еудадзугдæр исдзорисæ, фарстай мæ, дæ зæрдрист мах зæрдристæй минкъийдæр ке нæ адтæй, е бæрæг уидæ дæ гъæлæсиуагæй… Уой фæсте Цæгат Иристонмæ дæ цардæмбал Людмили хæццæ иссæугæй, фиццагидæр, бабæрæг кодтай еци фудракæнди ци сувæллæнттæ æма хестæртæ бастъалдæнцæ, уони уæлмæрдтæ, рохсаг син загътай. Мадта гæнæн æма амал кæми уидæ, уоми дæ зæгъуйнæгтæ Беслæни фудбæлахи туххæй зæгъисæ. Гъуди сæ кæнун, кæцидæрти си нæ газети дæр ниммухур кодтан.*

**С.Ч.:** Æримисдзæнæн си еу загъд: «Мах еугурæй дæр фæйнæхузи адæймæгутæ ан: уруссæгтæ, ирæнттæ, украинæгтæ, киристæнттæ æма пусулмæнттæ, интеллигенттæ æма хумæтæг фæллойнæгæнгутæ. Мах еугурæй дæр фæйнæхузи цæстингасæй кæсæн фæйнæхузи дзаумæуттæмæ, цæмæндæртæн фæйнæхузи аргъ кæнæн. Фал мæнæ Беслæни ци фудæнамонд æрцудæй, е уойбæрцæбæл устур разиндтæй, æма имæ куд айдагъ ирон царди, фал дуйнеуон еумæйагадæмон царди агъазиаудæр фудæнамондæй уæлдай æндæр нецихузи цæстингасæй ракæсæн ес».

**С.Э.:** *Сергей, аци гъудитæ загътай цалдæр анзей размæ. Уæдæй нурмæ рацудæй рæстæг, махæй куд нæ алкей царди, уотæ не ’хсæнади дæр цидæр æййивддзийнæдтæ æрцудæй, цæмæдæрти æндæр цæстингасæй кæсæн.*

**С.Ч.:** Балæдæрдтæн дæ, Эльбрус, уомæй ци зæгъуйнаг дæ, уой. Хъæбæр берæ æнзти дæргъи дууæ æнсувæрей хузæн лимæндзийнадæ ку хæссæн æз æма ду, æма, мæ уодигъæдæ циуавæр æй, уой хъæбæр хуарз ку зонис. Царди мæ зæрдæ цæбæл тухсуй, еци гъуддæгутæ æма фæззиндтити фæдбæл æз мæ гъудитæ, мæнæ цидæр нæуæг думгитæ æрбадумдтонцæ, кенæ æндæр цидæр мæнгæ сайæнтæ фæззиндтæй, зæгъæ, уомæ гæсгæ некæд раййевæбаййевæ кодтон, уæдта уотæ кæнунмæ гъавгæ дæр нæ кæнун. Уогæ цидæртæ дæмæ си цидæр æййивддзийнæдти туххæй еуцæйбæрцæдæр æндæр, растдæр зæгъгæй ба, бæлвурддæр æма æцæгдзийнадæмæ хæстæгдæр хузи куд нæ зиндзæнæнцæ, фал дæ цæстингаси бундор ба еу уа: рæстадæ æма рæстдзийнадæ, дæ уоди бæрнондзийнадæ æма цæсгондзийнадæ. Уомæ гæсгæ ба кæддæр Беслæни фудбæлахи туххæй ци загътон, уой абони дæр зæгъун. Æцæг ма ибæл уой бафтаудзæнæн: гъæуама ни алкедæр æхецæн ихæсбæл банимайа, бæрнон кæй, нæ Фидибæсти цидæриддæр цæуй æма æрцæуйнаг æй, уобæл. Уомæ гæсгæ ба ни гъæуама алкедæр æхемæ ихæс еса, цæмæй нæ царди минкъийдæр уа æрхундзийнадæ, цæмæй нæ кæстæртæ цидæр æнахъæлти фудæй ма стъæлонцæ, фал амондгунæй ирæзонцæ æма сæ царди хабæрттæ кæнонцæ, цæмæй зæрдсаст ма уонцæ, фал зæрдерухæй æма разæнгардæй арфи гъуддæгутæ аразонцæ, амондæй хайгин уонцæ, уобæл æновудæй архайуни ихæс… Еци бæрнондзийнадæ хауй махмæ, исфæлдистадон интеллигенций минæвæрттæмæ дæр, ка ’й зонуй, иннæ дзиллитæй уæлдай фулдæрæй дæр.

**С.Э.:** *Сергей, мæнæ нуртæккæ ци рæсугъд гъудитæ загътай нæ цардарæзти, нæ кæстæрти туххæй, уони цæмæй нæхе цæстæй уинæн, цæмæй нæ абони царди исфедауонцæ, уой туххæй ци берæ ахсгиаг гъуддæгутæ исаразун гъæуй, уонæн ба, æвæдзи, сæ сæйрагдæртæй æй нæ бæсти цæрæг адæмти ’хсæн бастдзийнæдтæ тæккæ зæрдæмæдзæугæдæр хузи æрфедар кæнун, цæмæй се ’хсæн рахастдзийнæдтæ айдагъдæр хуæрзæрдæмæ зинонцæ нæ цардиуагæбæл. Куд дæмæ кæсуй, цæмæй нæ еци бæлдæ æцæгдзийнадæ исуа, уой туххæй ци гъæуй, уæдта кæд уомæн ахедгæ мадзæлттæ ес, уæд си хуæздæр хузи испайда кæнуни туххæй ци хуæздæр исаразун æнгъезуй?*

**С.Ч.:** Уæхæн мадзæлттæ куд нæййес. Æцæг гъæуй, цæмæй ни алкедæр, кæми æй æма ци кустбæл хуæст æй, уоми куд архайа еци гъуддагмæ æ пайдай хай бахæссунбæл. Нæхе журнали туххæй ку зæгъон, уæд нæ зæрди ес, цæмæй нин Цæгат Кавкази уа минæвæрдтæ æма нæ еци фæндæ, зæгъун æнгъезуй, æнхæст кæнун райдæдтан, Дзæуæгигъæуи информацион центр кæнунæй. Уогæ еци хабæрттæ дæуæн æнæзундгонд ку нæ ’нцæ – еци центр байгон кæнуни хабæрттæ дæхе хæццæ ку аразæн. Фал æй уæ газеткæсгутæ дæр зонæнтæ. Цæгат Иристони æй ке ’скодтан, е бустæги хуарз гъуддаг æй. Фиццагидæр, уæ республики сæйраг сахар уæрæсейаг культури зингæ бунат ахæссуй – ка ни нæ зонуй уой, æма æ хæццæ баст ке ’нцæ Александр Пушкин, Лев Толстой, Михаил Лермонтов, Михаил Булгаков æма ма уруссаг культури номдзуддæр архайгутæй беретæ ти хъисмæттæ. Мадта советон доги æма уой фæсте дæр нæ фидибæстон культури хъæбæр бæрæг бунат ка ахæста æма ахæссуй, æ райрæзтмæ устур байвæрæн ка бахаста æма хæссуй, уонæй дæр беретæ рацудæнцæ аци сахарæй. Дуккагæй ба – нæ журналæн уæ республики хæццæ рагон бастдзийнæдтæ ес. Æруагæс ми кæнуй, еци бастдзийнæдтæ идарддæр никки тухгиндæр, никки гъæздугдæр кæндзæнæнцæ. Æма айдагъ Цæгат Иристони нæ, фал æнæгъæнæ Кавкази иннæ фингути, ахургæнгути, интеллигенций минæвæртти хæццæ дæр зæрдиагæй ке архайдзинан, не ’хсæн лæдæрундзийнадæ ке ниффедар уодзæнæй, уобæл æууæндун.

**С.Э.:** *Юрий Темирканов, Фазиль Искандер, Къибирти Тимур, Дударати Вероникæ, Гадати Лазæр, Соскъити Владимир... Етæ ’нцæ, Цæгат Кавказæй ка рацудæй, еци минæвæрттæ æма си æнæгъæнæ Уæрæсе дæр сæрустур æй, се ’сфæлдистадæ æнæгъæнæ дуйнейæн дæр æй фæнзуйнаг. Беретæ си сумах журналæн дæр æнцæ æ цæсгон, æ сæрустурдзийнадæ. Сергей, интеллигенций бон берæ ’й, цæмæй уæрæсейæгтæ æндæр, раст уинæг цæстæй ракæсонцæ Цæгат Кавказмæ, растдæр зæгъгæй ба ин раздахонцæ æ раздæри кадæ, куд иуазæгуарзон, рæсугъд, интеллектуалон, цард кæми фицуй, уæхæн сабур бæстæ. Ци гъуди кæнис ду ба уой туххæй?*

**С.Ч.:** Гъæуй аллихузон, уавæрбæл хуæрзæрдæмæ ка фæззиндзæнæй, уæхæн бæлвурд гъуддæгутæ аразун: фембæлдититæ, бастдзийнæдтæ, конференцитæ, наукон-практикон æртæститæ. Кæрæдзебæл æмбæлгæй, кæрæдзей хæццæ унаффæ кæнгæй, кæрæдзебæл æууæндгæй, æнгъезуй размæ цæун, райеуварс кæнун, фæстаг æнзти ци нецæййаг гъудитæ ниффедар æй еуæй-еуети зунди, уони.

Мæнæн, уруссаг лæгæн, лæдæрдгонд нæй, нæ еудзийнадæ нин ци бахъор кодта æма нæ нур ба ци бакæнун гъæуй, цæмæй гъуддаг æ федауци уавæр иссера. Мæнæн ес ирон æрдхуард, лимæнæй цæрун кæсгæнтти хæццæ, мухур кæнæн нæ журнали фæрстæбæл кавказаг фингути уадзимистæ. Махæн еу æвзаг ес – кæрæдзей лæдæруни æвзаг. Æма нæмæ гъæуама еунæг сагъæс уа, цæмæй еци æвзаг федардæр кæна, цæмæй еци æвзаг ма фесæфа, фал фесæфа провокацион игакæ «кавказаг национ цæсгон». Мæнæй æруагæс кæнуй, ауæхæн терминтæ æхецæн гъæуама ма аккаг кæна, æхе хузæнонбæл ци æхсæнадæ нимайуй, е – никки ба ма уой дæр зæгъун æма алли адæмихатти цæсгон дæр æвдист цæуй æ хуæздæр минæвæрттæй, айдагъ национ финсæг ка нæй, национ гъудигæнæг, национ аййевади косæг, фал æнæгъæнæ Уæрæсейæн дæр кадæ хæссæг ка ’й, уæдта айдагъ Уæрæсейæн нæ, фал еугур дуйнейæн дæр æ искурдиадæй устур хуарзи ка бацудæй, уæхæн минæвар. Уруссаг культури фæрци Иристони, Дагестани, Мæхъæли, Кæсæг-Балхъари, еугур Кавкази дзурд дæр хъæртуй еугур дуйнебæл дæр æма гъæуама идарддæр дæр уотæ уа. Гъе уомæ гæсгæ ба дин, Эльбрус фæдзæхсун еу гъуддаг: цæй æма еумæйагæй цæттæ кæнæн уæхæн æрмæгутæ, кæцитæ ирдæй æвдесдзæнæнцæ Кавкази цæрæг адæмти уодиконд, цардиуаги федауцæ æгъдæуттæ æма фæткитæ... Æма сæ мухур кæндзинан нæ журнали, цæмæй еугур еци хабæртти райдзастдзийнадæ зононцæ Уæрæсей æма дуйней рауæнти цæрæг иннæ адæмтæ дæр. Арази дæ?

**С.Э.:** *Куд нæ уон арази!.. Æма ми æруагæс кæнуй, еци арфиаг гъуддаг исаразун нин ке бантæсдзæнæй, е...*

**Нæ номдзуд æмзæнхон, Советон Цæдеси Бæгъатæр Хъобулати Константини фурт Сергейи райгурдбæл 22 ноябри æнхæст кæнуй фондз æма фондзинсæй анзи (1915-1954).**



СÆБАНТИ Хаджеумари конд хузæ «Дигоргоми фиййæуттæ».

# ХУАРЗ РАКÆНÆ ÆМА ХУАРЗ ИССЕРДЗÆНÆ...



**ДЗОТТИ Аланбег,**
**пенсиесæг**

Мæнæ уин ци цауи кой ракæнуйнаг дæн, е æцæг адтæй, æримисгæ си мистхали бæрцæ дæр нæййес. Цæугæ ба æркодта 1958 анзи. Æз уæд мæ æнхæст лæхъуæни карæмæ нæма исхъæрдтæн. Еу зумæгон уазал сæумæраги нæмæ фæззиндтæй гъæргæнæг æма нин фегъосун кодта, Елхотти цæрæг мæ фиди æмсиахс, æ кари лæг, ке рахецæн æй æ цардæй, уой. Æма мæрддзогойни фæццæунмæ кæмæн фегъосун кæнун гъудæй, уони номхигъд нæмæ равардта...

Мæ нийиергутæ уæд каргун адтæнцæ. Дууемæй дæр хуссæни сæйгитæ. Исæнтæстæй син фараст сувæллони. Мæ фидæ тугъдон, æфхуæрд лæг, мæ мадæ дæр берæ зиантæ бавзурста æ царди медæгæ. Æ фондз хуæри, е 'нсувæр, æ нийиергутæ се 'носон дуйнемæ бацудæнцæ. Æхе циппар биццеуи ба минкъийтæй байвардта. Уобæл куд нæ гъенцъун кодтайдæ, фал ин уæлдай зин ба е адтæй, æма æ хестæр биццеуи байвæрунæн ба ин равгæ дæр нæ фæцæй – Устур Фидибæстон тугъд ку райдæдта, уæд е дæр, æвддæсанздзуд лæхъуæн, барвæндонæй рандæй цифуддæр знаги нихмæ тохмæ... Кæми фесавдæй, е дæр нæбал исбæрæг æй... Æнсувæртæй ма æз байзадтæн бундорбæл.

Номхигъд бахастон уатмæ æма 'й мæ фидæ Гагемæ равардтон. Е имæ уайтæккæ дæр æркастæй, æма мæмæ дзоруй:

– Биццеу, хæдзарæмæ гъæргæнæг хумæтæги неке æрветуй... Аци номхигъд нæмæ æрбарвиста дæ мади хуæрæ. Е фиццаг нæхе гъæукkаг киндзæ адтæй, фал, гъулæггагæн, æ сæрихецау æригонæй байзадæй тугъди будури. Æма берæ рæстæг идæдзæй фæццардæй. Æрæгиау ба æ цард байеу кодта елхоттаг, æ кари лæги хæццæ. Адæми дзубандимæ гæсгæ, кадгин лæг адтæй...

Мæ фидæ ма мин идарддæр куд радзурдта, уотемæй æ фурттæ тугъди размæ каст фæцæнцæ тугъдон ахургæнæндæнттæ. Еу си райста тугъдон тæхæги дæсниадæ. Нийиергутæ сæ цæуæти цийнæй зæнхæбæл дæр не 'фсардæнцæ, гъеууотæ сæрустур си адтæнцæ. Сæ цæуæти исонибон уидтонцæ райдзастæй, адтæй сæмæ зæрдтагон унаффитæ...

Фал син сæ рæсугъд фæндитæ уайсахат æрбасатар кодта Устур Фидибæстон тугъд... Уосгор лæхъуæнтæн сæ уарзон кизгуттæ курдуати байзадæнцæ, сæ сæртæбæл бабастонцæ сау сæрбæттæнтæ. Нийиерæг мадæн æ раздæри ходæндзаст цæсгон, нур сау мелай хузæн ниццæй, æ рамæлæти уæнгæ æ цæстисуг нæ басор æй æ цæуæти адзали фудæй.

Дууæ тугъдон цæргæсей фидæ дзорæгмæ нæбал дзурдта, игъæлдзæг, гъазæн дзубандитæ си байронх æнцæ. Бон-сауизæрмæ сæ хæдзари фæсцæгат даргъ къелабæл мæтъæлæй бадтæй... Цæмæдæр ма æнгъæлмæ кастæй... Фæтæн гъæунги, дæлæмæ идардмæ нигъгъæуай кæнидæ, кæд, миййаг, мæ адгин бæдæлттæ æрбацæунцæ, зæгъгæ... Кæми хуæрдгунæй, кæми æстонгæй æрвиста æ царди бæнттæ... Æрæгиау, ку æрзæронд æй, уæд хуарз адæми фæрци æ цард байеу кодта дæ мади хуæри хæццæ, фал сæ еумæйаг цард берæ нæбал рахаста...

– Мæгур æ бон, æ зиани бон дæр тæккæ зуймон уазалтæмæ æрæййафта, – нийнæфтæй мæ фидæ.

Фæдздзурдта мæмæ æма мин бафæдзахста:

– Биццеу, мæнæй дин неци пайда ес. Æгъдау дæ нур æрахæста æма исарæхсæ. Кæмæн фегъосун кæнун гъæуй, уонæбæл æрзелæ. Уæдта, рæстæг хъæбæр уазал æй, æма тагъд уайгæ колхозмæ, ракорæ си, гетенæй æмбæрзт уæзласæн хуæдтолгæ, цалинмæ 'й дæу разæй неке ма ракурдта, уæдмæ. Игонсæр хуæдтолги неке бакомдзæнæй фæццæун, æма фæфуддзæсгон уодзинан зиангутæй.

... Раст зæгъгæй, зингомау мин адтæй, мæ фидæ мин ци гъуддæгутæ бафæдзахста, уони æнхæст кæнун. Уомæн, æма уæди уæнгæ, фур æригон ма ке адтæн, уомæ гæсгæ мин уæхæнæй некæдма неци барæгонд адтæй. Уæдта, раст зæгъгæй, зианæн уотид æ коййæй дæр радзæгъæлтæ уинæ, мæ сæр мæбæл разелидæ... Фал мæ фидæн устур аргъ ке кодтон, берæ 'й ке уарзтон, уомæ гæсгæ ин æ фæндонбæл исарази дæн.

Æма, уой фæсте æй куд балæдæрдтæн, уотемæй мæ фидæн хъæбæр æхцæуæн адтæй, æ фæдзæхститæ ин æнæгъæнæй дæр ке исæнхæст кодтон, е – гъæугæ хуæдтолгæ иссирдтон, номхигъди ци адæм амунд адтæй, уонæн еугуремæн дæр фегъосун кодтон, нæ муггагæй хестæрæн æрветунвæндæ ке искодтан, уомæн дæр рагацау загъton, нæ хæццæ ци ниуæзтæ æма косæрттаг фæлласуйнаг адтан, етæ дæр мин цæттæ адтæнцæ... Мæхуæдæг дæр мæхецæй куд нæ ниббоз адтайнæ!

Боникkон бони æнæхъорæй мæрддзогойнæ æнгъудгонд рæстæгмæ æрбамбурд æнцæ æма афойнадæбæл ранæхстæр ан Елхоттæмæ.

Зиангинти тургъæмæ бацудан, ратæфирфæс кодтан. Саударæн митинги ка дзурдта, е нин сæрмагондæй райарфæ кодта, ке бахъиамæт кодтан, гъæуæй-гъæумæ, изол зуймон надбæл зианæн фæстаг æгъдау раттунмæ æрцæунмæ ке нæ базийнадæ кодтан...

Еци арфæ, ка 'й зонуй, æгъдау уотæ ке амудта, уомæ гæсгæ ракодта, фал мæнмæ уотæ фæккастæй, цума æ загъд уомæ гæсгæ адтæй, æма, мæрддзогойни æрбацæун кæмæн æнгъизтæй, уонæй еунæг мах бахъиамæт кодтан... Уомæн дæр, æвæдзи, зин адтæй, уæхæн, дзиллон æгъдауи аккаг лæги е 'носон дуйнемæ рафæндараст кæнунæй ихæсгин ка адтæй, етæ сæ еци ихæс исæнхæст кæнунмæ ке базийнадæ кодтонцæ, е. Хъæбæр зин адтæй мæнæн дæр еци уавæр. Ахид сæмæ цудтæн, мæ еунæг мади хуæри рабæрæг кæнинæ, æма 'й хуарз зудтон, цæйбæрцæбæл хуæрзæгъдау æма рæстзæрдæ адæймаг адтæй аци рохсаггаг зæронд лæг. Е мæн æнæхуæргæй сæ хæдзарæй некæд рауагъта.

8

## ДÆ ЦЪУХБÆЛ КУ НÆ ХУÆЦАЙ...



Еу бонгин лæг æ иуазгути хæццæ финги уæлгъос куд бадтæй, уотемæй имæ æ лæггадæгæнæг кедæр финстæг æрбахаста æма ин загъта:

*– Аци лæг дзуапмæ æндегæй æнгъæлмæ кæсуй.*

*Нур бонгин лæг ба бустæги æнахургонд адтæй, кæсун æгириддæр нæ зудта. Фал, иуазгути рази фæхходуйнаг унæй тарстæй, æма финстæг райста, «кæсун æй байдæдта». Уæдта еци гъуддагхузæй уотæ фæккодта:*

*– Лæгæн зæгъæ, цæуæд æма æ хецауæн балæдæрун кæнæд, æ курдиадæ ин исæнхæст кæндзæнæн: куддæр мин фадуат фæууа, уотæ исæмбæлдзæнæн æ хæдзари.*

*Лæггадæгæнæг уой ку фегъуста, уæд куддæр фæкъкъех æй, уæдта ин æ гъоси бадзурдта:*

*– Еци лæг мин куд балæдæрун кодта, уотемæй бæх ракорунмæ æрбацудæй. Гæрр, мæ дзæбæх æлдар, бæхи бæсти сæмæ дæхуæдæг фæццæудзæнæ?..*

***

Аци таурæхъ æримисгæй уой зæгъуйнаг ан, æма еци бонгини хузæн арæхстгин адæймæгутæй цæйбæрцитæ æрбадунцæ, нæ цардиуаги ахсгиаг хабæрттæ кæцæй гъæуама арæзт цæунцæ, уæхæн бæрнон рауæнти. Сæ бæрнæхсти гъуддæгутæн неци лæдæргæй, уоййасæбæл неци уавæр ацъагъуæй хайгин уогæй, «разамунд» дæттунцæ. Æма еу рауæн нецæмæ исарæхсгæй, уайтæккæ сæ æндæр разамунддæттæн бунæтти райвæрунцæ. Еузагъдæй, уаддзалхи хузæнттæ. Уогæ нецæмæ арæхсунцæ, зæгъгæ, е бустæги раст нæй – сæхецæн æма сæ хуæрзгæнгутæн пайдатæ кæнунмæ ба æгæр дæр ма фæййарæхсунцæ...



**Ольгæ ГОЛОДЕЦ, нæ бæсти раздæри вице-премьер: «Махмæ пенсион къабази райрæзтæн ци стратеги цæттæгонд æрцудæй, уомæ гæсгæ нæмæ пенси гъæуама уа пенсиесæги фæццæруни фаги минимумæй дууей бæрцæ.**

*– Еци стратеги цæмæй æнхæстгонд цæуа, уомæн ес дууæ мадзали: еу – пенсиесгутæн фулдæр федун, иннæ – цæмæй минкъийдæр хуæронцæ, уомæ гæсгæ ба син фæццæруни фаги минимум бустæги фæмминкъийдæр кæнун... Ес уæхæн анекдот. Хецауадон æмбурди еу докладгæнæг дзоруй: «Японий ес уæхæн æгъдау, æма сæ зæрæндти хуæнхти æдзæрæг рауæнмæ фæххæссунцæ, уоми сæ сæхе бæрагæ ниууадзунцæ...» Уæд имæ иннетæ дзорунцæ: «Господин министр, Пенсион фонд æма пенсиесгути туххæй дæмæ æндæр неци фæндон ес?..»*



**Филип ЧЕСТЕРФИЛД (1694-1773), англисаг финсæг æма паддзахадон архайæг: «Хе келбетдзийнадæ лæдæрун зундгин адæймаги никки хуæдæфсармæдæр кæнуй, уой хæццæ ба ма никки гъæддухдæр...»**

*– Аци загъдмæ гæсгæ нæ нуриккон политиктæ æма чиновниктæй ба берети зундгин рахонун, æвæдзи, неци хузи æнгъезуй. Уомæн æма сæхе дессаги келбетгунæй æвдесунбæл бæргæ æновудæй архайунцæ, фал се 'цæг миутæй ба раргом уй хуæдæфсармæй сæмæ æгириддæр ке неци ес, мадта гъæддухдзийнадæ дæр æвдесунцæ айдагъдæр хе хуарздзийнади фæдбæл.*



**Владимир ЛЕГОЙДА, Уæрæсей киристон дини аргъауæни æхсæнади æма дзиллон хабархæссæг фæрæзнити хæццæ бастдзийнæдти хайади разамонæг: «Адæймаг фудзæрдæ тухти амæттаг бацæй зæгъгæ, хуæдбарæй хатдзæг хæссун, уæлдайдæр ба си дæлимонтæ фæссорун хевæндæй æвзарун æй тæссаг æма зæран...»**

*Æма уæд еугурадæмон есбонадæй æгæр ка давуй æма хæлæттаг кæнуй, уони сæризунди ци сайтæнттæ бабурдæнцæ, уонæн ба ци кæнгæй? Ци тæссагдæр æма зæрандæр æй – еци сайтæнтти, еци адæймæгути медæгæй фæссорун æви сæ нихъхъуæтти уадзæн æма идарддæр хæлæф кæнæнтæ?*

**Нæ номдзуд æмзæнхон, Советон Цæдеси Бæгъатæр Шапошников Яков Федори фурти райгурдбæл 16 ноябри исæнхæст æй финддæс æма фондзинсæй анзи (1905-1981).**

***Зундгонд финсæг Бесати Тазе Боллоти Полийи туххæй очерки утæ финста: «Æхсæрисæри колхоз «Революци»-й колхозонти, 1947 анзи уалдзæг æрæййафта хъæбæр тухстæй: немуцаг оккупаций рæстæги æфхуæрд баййафта гъæу, адæм косæг фонсæй исгъæуагæ 'нцæ, тауни афонæ ралæудтæй, фал сæмæ тауйнаг æрмæг нæ фагæ кодта.***



# Е АДТÆЙ НÆХЕ ПОЛИЙ

**КОЛИТИ Виталий**

**Советон доги берæ хуарздзийнæдтæй еу е адтæй, æма фæллойни раззагдæртæн ахид арæзт цудæй фембæлдтитæ кæстæрти хæццæ. Гъе утемæй федар кодтонцæ фæлтæрти 'хсæн бастдзийнædтæ, æригæнттæн зундамонæг адтæй хестæрти фæлтæрддзийнадæ. Аци къарæ дæр ист æрцудæй БОЛЛОТИ Полий скъоладзаути хæццæ фембæлди ку архайдта, уæд.**

Боллоти Полий... Ескæд мæ Полийи туххæй æ фæсмæрдæ финсун багъæуdзæнæй, уой æнгъæл некæд адтæн, уомæн æма аци силгоймаги сорæт алкæддæр мæ цæститæбæл рагъазуй цардæгасæй. Сауæнгæ æ мæлæти уæнгæ дæр æ цæрæццагдзийнадæ кæмæй нæ фæххецæн æй, æ зунд, æ лæги хъаурæ е 'уæнгти кæмæн некæд байсустæй, еци нæхе Полий.

Хуæрзсувæллон ма адтæн, уотемæй нæ бийнонтæй Полийи цæрæнбунати бакомкоммæ æрцардан. Æма мæмæ, цæмæдæр гæсгæ, алкæддæр хъæбæр устур уосæ кæсидæ. Фæстæдæр, ку рагъомбæл дæн, уæдта балæдæрдтæн, Полий æцæгæйдæр айдагъ асæй нæ, фал царди дæр устур адæймаг ке адтæй, уой.

Мæ цæститæбæл рагъазтонцæ сæрди тæвдити хуасгæрдæнтæ: Полий æ цæвæги хæццæ ниййевгъудæй гъæугæронмæ æ игуæрдæни гæппæлмæ. Æрсаудор кодта æ хуæрзгъæст циргъаг æма ес инней фæсте изайуй. Æ фæйнæ фарсеми кæрдунцæ гъæуи нæлгоймæгтæ дæр. Етæ дæр æнæхъаурæ нæ 'нцæ, фал уæддæр аци силгоймаги ес ба бæрæгдæр даруй. Иннæ адæмæй игъаугидæр, Полийæн æ царди над алкæддæр бæрæгдæр дардта.

Боллоти Елхъан æма æ цардæмбал Лалайи зæнæгæн адтæй сæ хестæр. Æ фæсте ма Елхъанæн исæнтæстæнцæ Долæт, Зоя æма Майра. Царди фæткæ уотæ уидæ алкæддæр æма хæдзари кустити уæзæ кæддæриддæр хауидæ, раздæр ка багъомбæл уидæ, уомæ. Уомæ гæсгæ Полийæн куститæй амонун неци гъудæй, алцæмæ дæр арæхстæй. Æ уодхæссæг уидта зийнадæ кæнунæй æма æ еци менеуæг хæсгæ дæр ракодта сауæнгæ æ царди кæронмæ.

Кизгæ талай хузæн тагъд ирæзуй, зæгъæ, фæззæгъунцæ. Полий дæр исхъæрдтæй æ киндздзон карæмæ. Æнæзийнадæ, кустмæ æвзигъд, бакастæй – зæрдесгæ, æвзонг удгоймагбæл еу æма дууæ лæхъуæни не 'рæвардтонцæ сæ цæстингас. Фал Полий æхецæн цардæмбалæн равзурста Бетанти цæхæрцæстæ лæхъуæн Мæхæмæти. Сæ кæрæдзей цæрайæй цæргæй син исæнтæстæй дууæ фурти: Авдирæхман (Гæвдий) æма Æхсарæ. Царди рохс фæндитæ сæ хастонцæ сæ уæлнихти. Утемæй цанæбæрæг рацардæнцæ еумæ, уæдта... Гъулæггагæн, ахид фæндитæ фудсайд ракæнунцæ.

Рохстæмæнтæ калгæй, адæми зæрдитæ æхцæуæндзийнæдтæй рæвдаугæй, бæргæ кодта æ размæцуди кой 1941 анз... Фал цæйбæрцæбæл æгъатир цардихалæгæй æнæнгъæлти æхе низзилдта... Цардихалæг... Æндæр номæй æй адæймаг хонгæ дæр куд искæна. Берæ бийнонти цæрæццаг бæлдитæ фæссекк æнцæ, берæ бийнонти къонай арти бунбæл дон никкалдæй еци бæнтти. Мæхæмæт, цардæ æ бæдæлтти цийнæй нæ бафсæдгæй, хуæрзбон разагъта æ цардæмбалæн æма ранæхстæр æй, фæццо æма мабал æрæздæхи идард нæдтæбæл.

Полий байзадæй æ дууæ æнагъон сабийей хæццæ. Æхуæдæг седзæргæсæй ка нæ байзадæй, е мæ нæ балæдæрдзæнæй, седзæргæси уаргъ цæй уæзæн æй, уой æхе рагъбæл ка бавзурста, уомæн ба 'й дзорун нæ гъæуй. Хуцау æ зонæг, тугъди Мæхæмæт ци гургъахъ нæдтæбæл фæццудæй, уонæн.

Мадта тугъди фæскъилдун байзайæг адæм дæр еци уæззау æнзти ци гъезæмæрттæ бавзурстонцæ, уони ба дзорæг дзурд нæ фæууодзæнæй, финсæг сæ финсунгъон нæ бауодзæнæй. Фал адæймаг æ тухсти сахатти æ нифси фæрци фæййервæзуй.

Нæ басастæй æ нифс Полийæн дæр. Дусфæлдæхтæй бавналдта еумæйаг хæдзаради будурти тиллæгæрзад бæрзонддæр кæнунбæл хъазауатонæй фæллойнæ кæнунмæ. Æ кустгъондзийнадæмæ гæсгæ ибæл æ цæстæ æрæвардта бунæттон колхози разамунд. Æхсæвæбон нæ зонгæй кустонцæ Полийи звенои иуонгтæ, сæ еу иннемæй кустадзагъддæр.

Уæдмæ фæцæй тугъд. Немуци лæгмартæ сæ лæгæти дæрæнгонд æрцудæнцæ. Фæстугъд уæлахездзаутæ æздахтæнцæ фæстæмæ. Æнгъæлмæ кастæнцæ Полий æма æ дууæ фурти дæр сæ тугъдон бæлццонмæ, фал син Мæхæмæт сæ къæсæри дуар нæбал байгон кодта, нæбал банкъардтонцæ дууæ сабийи сæ фиди бецъоти дзиги сæ ростæбæл, нæбал сæ исæргъувта æ гъæбесмæ. Æностæмæ бахустæй æ зинг тугъди цæхæри... О, хъисмæт, ци дин загъдæуа!

Тугъд ци гъезæмæрттæ бавзарун кодта адæмæн, етæ еу мæгурбон адтæнцæ, иннæ мæгурбон ба адтæй фæстугъд æстонг рæстæг. Ихæлд хæдзарадæ, нæ фагæ кодта косæг къох, нæлгоймæгтæй ма ка æрæздахтæй, уонæн дæр сæ фулдæр æрдæгуали... Кæмæн æ цонг цæф, кæмæн æ къах сахъат, кæмæн æ бауæри издин фати æсхъеуæццаг æхе æ ристæй лæдæрун кодта. Мадта косæг фонсæй дæр кæми хъæрдтæнцæ фæндон.

Гъо, уæхæн уавæрти гъудæй ислæуун кæнун еумæйаг хæдзарадæ æ къæхтæбæл. Звеной сæргъи лæугæй, Полий æхецæн ниннет кодта, мадта, æнгъæл дæр кæмæн нæ 'нцæ, уæхæн нартихуари тиллæг ма æрзайун кæнæн, зæгъгæ. Æ еци гъуди балæдæрун кодта звеной иуонгтæн дæр. Еци рæстæгути алли гъæуи дæр хецæн колхоз уидæ. Кæд нæ рæдуйун, уæд Æхсæрисæри колхоз хаста Жданови ном. Гъулæггагæн, аци звеной иуонгтæ уæд катæ адтæнцæ, уони нæмттæ исбæлвурд кæнун нæ бон не 'ссæй. Рæстæгмæ æхе кæнонтæ ес, еци бæгъатæр косгутæй æгас некебал æй. Се 'носон дуйнемæ банæхстæр æнцæ, æма рохсаг уæнтæ, нæ Исфæлдесæг син уоми удæнцойнæдæр рауæн исаккаг кæнæд... Ци хъазауатондзийнадæ равдистонцæ сæ кусти, уой кой ба айдагъ æнæгъæнæ Иристонбæл нæ, фал нæ кæддæри агъазиау Советон Цæдесбæл дæр райгъустæй. Уæди уæнгæ ке некæд, уойбæрцæ тиллæг исистонцæ алли гектарæй дæр – фæйнæ 70-90 центнери. Уогæ айдагъ Полийи бригади къохи нæ бафтудæй 1947 анзи уæхæн тиллæг исесун. Берæ колхозти ма æрзадæй уойбæрцæ нартихуар. Еци анзи Иристони хæдзарæдти зæнхкосгутæй Советон Цæдеси тæккæ кадгиндæр æма уæлдæр хуæрзеуæг – Ленини орденæй – хуарзæнхæгонд æрцудæй 20 адæймагемæй фулдæр. Боллоти Полийæн ба, æ къохи уæлдай устур æскъуæлхтдзийнадæ ке бафтудæй, уой туххæй ин Райгурæн бæстæ исаккаг кодта Социалистон Фæллойни Бæгъатæри ном. Æригон, фал куствæлтæрд силгоймаги реубæл тæмæнтæ искалдтонцæ Сугъзæрийнæ Стъалу æма Ленини орден. Еци рæстæги республики газеттæ æндæр нецæй кой бал кодтонцæ. Æма Полий, æцæгæйдæр, адтæй æ хуарз койии аккаг.

Æ бæрзонд кадæ, æ цитгин ном силгоймаги æхебæл некæд фенвæрсун кодтонцæ. Куд хумæтæг адæймаг адтæй, утемæй байзадæй кæронмæ. Некæд неке нецæбæл бадæмдта æ царди медæгæ.

Æхсæрисæр фæстæдæр байеу æй Чиколай Ленини номбæл колхози хæццæ. Еци колхози разамунд Полийæн Æхсæрисæри хæдзаради харзæй исаразтонцæ райдзаст (уæди уавæртæмæ гæсгæ) хæдзарæ – айдагъдæр уæд, æхе зæронд хæдзари еугур фарс ку ракалдæй. Цалинмæ ин хæдзарæ амадтонцæ, уæдмæ цардæй, æ фонс кæми даридæ, уой фарсмæ еу фæйнæгфарс къумгонди. Уогæ 'й барæ адтæй сахари фатер райсунæй дæр, фал рацæргæ, æнахургонд силгоймаг кумæ гъæуама фæццудайдæ, нæдæр финсун нæ зудта, нæдæр кæсун, нæдæр ба уруссагау дзорун.

Полий ци адтæй, уомæй къахæй сæрмæ адтæй кусти нигъулд. Цалинмæ æ хъаурæ адтæй, уæдмæ некæд неке нецæмæй бахъор кодта. Мадта иуазæги рази цæнхæ-къæбæр æрæвæрунмæ дæр некæд неке фæсте байзадæй.



**БОЛЛОТИ Полий Уæлахези кадæн цитгин мадзали рæстæг Æхсæрисæри.**

# БОЛЛОТИ ПОЛИЙÆН

## Социалистон Фæллойнади Бæгъатæрæн

***Фал адæймаг фæразон æй. Нифсгунæй бавналдтонцæ «Революци»-й колхозонтæ косунмæ... Æхсæрисæрккæгтæ, æхсæвæ-бон нæ хинцгæй, архайдтонцæ колхози куст æ къахбæл ислæуун кæнунбæл. Тох цудæй бæрзонд хуарæрзадбæл æма гъæуама алкедæр æ тухтæ бавзурстайдæ еци гъуддаги сæрбæлтау...»***

***БОЛЛОТИ Полийи туххæй æ рæстæги журналисттæ ци æрмæгутæ финстонцæ, уомæй уæлдай ма ин нæ финсгутæ дæр лæвар кодтонцæ сæ аййевадон уадзимистæ. Уонæй еу, зундгонд финсæг Хъазбегти Хъазбеги финст æмдзæвгæ æрлæуун кæндзинан уæ зæрдæбæл.***

Бустæги дессаг ба адтæй Полийи рæзбун. Æма ци нæ хузи бæласæ ба нæ задæй æ рæзбуни!.. Рагагъон кæрдтутæ æма фæткъутæй райдайæ æма зуймон рæзæй фæууо. Уонæй Полий æхуæдæг цанæбæрæг исахуадидæ, иннети ба синхæнттæн, æ хеуæнттæн байуаридæ. Бæркадкъох æма характетзæрдæ адтæй мæ синхон. Фал уой хигъд нæ бæлстæй æнæраст гъуддæгутæ, æргомæй зæгъидæ, æ зæрди ци зæгъуйнæгтæ уидæ, уони.

Нур мæнæ финсун аци рæнгъитæ æма бабæй æ сорæт нæуæгæй мæ цæститæбæл рагъазта. Берæ, хъæбæр берæ имисуйнæгтæ мин баст æнцæ Полийи хæццæ. Мæ зæрдæбæл æрлæудтæнцæ, Полий ескæци æмбурдæй ку исæздæхидæ изæригон, уæд, фиццагидæр, æхе рагъар кæнунмæ махбæл фездæхидæ æма æ жикъеткæ ку раласидæ æ хуæрзеугути хæццæ, уæд æй æз ба махебæл ракæнинæ æма гъæунгæмæ фендæбилæ уинæ сæнттадæ кæнунмæ. Уæззаугомау мæмæ кастæнцæ хуæрзеугутæ мæ реубæл, фал син се ’цæг уæзæ ба уæд нæма лæдæрдтæн. Айдагъдæр ку рагъомбæлдæр дæн, уæд балæдæрдтæн, Полий Иристонæн, Дигорæн, Æхсæрисæрæн ка адтæй, уой.

Абони дæр ма мæ цæститæбæл гъазунцæ нæ гъæуи курухон æма ездон хестæртæ: Томайти Васкæ, Хадати Заурбег, Сабайти Хакъиассæ, Дашити Садуллæ, Лагкути Дзанте, Мæрзойти Агубе, Магкити Саулæг, Цъугкити Кудзий, Чихтисти Апон, Боллоти Тазрет, Скъодтати Гуатдзау æма иннетæ... Боллоти Дзубурдтунети дælсера ку бадиуонцæ æма Полий сæ рæзти ку рацæуидæ, уæд æмбурдæй дæр куд иси-стиуонцæ, еци нивтæ. Лæги кадæ адтæй Полийæн, уомæн æма æ еци кадæ устур фудæбæнттæй бакуста.

... Дзæвгарæ æнзтæ рацудæй, кæдæй Полий не ’хсæнæй фæгъгъудæй, уæдæй. Хуссуй е ’носон фунæййæй гъæуи уæлмæрдти. Полийи хузæн адæймæгутæ гъæуама æвæрд цæуонцæ сахар Дзæуæгигъæуи Кади Аллейи, фал æ рæстæги уомæ неке фæййарæхстæй, уой хæццæ ба ма ин нивæбæл циртдзæвæн дæр сагъд не ’рцудæй. Уогæ фау æрхæссæн дæр некæмæ ес. Евгъуд æноси 90-аг æнзти уæхæн хабæрттæмæ евдæлгæ дæр неке кодта. Нуртæккæ еци уавæрмæ еске ку æркæсидæ сæхе муггагæй, уæдта райони разамундæй дæр, уæд хуарз бæргæ уидæ, уомæн æма Полийи хузæнттæ айдагъ еу муггаги, айдагъ еу гъæбуæсти кадæ нæ фæуунцæ.

Зæгъун гъæуй уой дæр, æма Полийи ном цæмæй исонибони фæлтæртæн се ’носи имисуйнаг уа, уобæл хъæбæр байархайдта æ рæстæги Æхсæрисæри бунæттон администраци. Æ ном хæссуй гъæуи гъæунгтæй еу. Ци хæдзари фæццардæй, уой фарсбæл сагъд æрцудæй – æ ном имисæн къæйдорфæйнæг. Гъо, етæ хуарз æма раппæлуйнаг гъуддæгутæ ’нцæ. Фал никки хуæздæр ба уайдæ, Æхсæрисæри гъæуккæгтæй тугъди ка байзадæй, уонæн ци циртдзæвæн æвæрд æрцудæй, еци рауæн Полийæн дæр бюст æвæрд ку æрцæуидæ, еци гъуддаг. Еци циртдзæвæни размæ содзуй æносон арт. Полий дæр æ цардæмдæргъи æ уоди рохсдзийнадæй фæссугъдæй æ адæмæн.

Æхсæрисæри æдзард тугъдонтæн циртдзæвæни фарсмæ Полийæн бюст æвæрд ку æрцæуа, уæд е раст уодзæнæй уомæй дæр, æма, еуемæй, аци хъиамæтгун силгоймагæн æ сæрихецау æрбалæборæг знаги нихмæ тохи æ цард иснивонд кодта Фидибæсти сæрбæлтау, иннемæй ба, æхуæдæг хъазауатонæй-хъазауатондæрæй фæхъхъиамæт кодта еци тугъди дзамани.

Уæдта, мæнмæ гæсгæ, банимайуйнаг æй е дæр, æма æнæгъæнæ Иристони нæ, фал еугур Цæгат Кавкази дæр еугурей разæй аци силгоймагæн исаккаг кодтонцæ Социалистон Фæллойни Бæгъатæри кадгин ном. Цæмæннæ гъæуама уа уæд уой аккаг Полий?

Нуртæккæ хъæбæр рапарахат æй патриотон-гъомбæладон куст, æма еци гъуддаги дæр устур агъаз уидæ, ка ибæл архайуй, уонæн.

Берæ хуарз æма нимади лæгтæ цардæй Æхсæрисæри, берæ тугъдонти си æрæййафтон, берæ зонундзийнæдтæ æма фæлтæрддзийнадæ си райстон мæхецæн, æма ма абони дæр уони зундæй цæун мæ равзурст надбæл. Е ба уомæн уотæ ’й, æма е адтæй, бафæнзæн дæр кæмæн нæййес, æноси дæр зæрдæбæл ка лæудзæнæй, феронхгæнæн кæмæн нæййес, уæхæн æхсæрисæрккаг цард. Æма си æрттивта, уæдта æрттевгæ дæр ма кæндзæнæй Боллоти Елхъани кизгæ Полийи ном дæр, уомæн æма е адтæй нæ еугуремæн дæр нæхе Полий...



БОЛЛОТИ Полийи номерæнæн æрæги Æхсæрисæри культури Хæдзари арæзт æрцудæй цитгин мадзал. Амонæг си адтæй ХЪАЙТМÆЗТИ Альбинæ, культури Хæдзари директор.



**ХЪАЗБЕГТИ Хъазбег,**
**(1912-1966)**
**финсæг, поэт**

I
Ирæф, Ирæф, дæ зар – идзулд,
Лæгау лæдæрд дæуæн дæ дзурд.
Æма, игъосун æй æз дæр,
Дæуæн дæ цийнадæ – ивулд,
Ивулд, райдзаст æма идзулд.
Æма дæ хæццæ нур æз дæр
Кæнун мæ зари зæллангдæр.
Дæ сатæг донæй ду хинстай
Дæ цъæх будурти зæрдирай,
Æма си ду уидтай æдзох,
Тиллæгбæл куд кодта æ тох
Полий Боллоти зæрдтагæй,
Куд неке уагъта æ разæй.
Йе ’мбæлтти хæццæ йе æ куст
Куд хаста размæ æнæ тухст.
Хумæ, похцийæй, æхсастæй –
Алцæмæй æнхæст куд адтæй.
Хор-еу кæсæнæй, зæлдагау,
Æ фиццаг тунтæ æнæвгъау
Ку ’рбаниванста, гъе уæддæр
Полий æ кусти æд фæлтæр
Куд хаста хæрсæ хæрсæбæл,
Æма тиллæгæн æ хæмпæл
Æд уедæгтæ 'ма æд бунгард
Куд-еу кодтонцæ бунрæдзагъд.
Хор-еу ку 'рхустæй и фæсхонх,
Уæд-еу и къуарæй рæуионг
Куд-еу æздахтæй æ кустæй
Æма уæлдæфи, идзулдæй,
Куд-еу нийиазæлдæй сæ зард
Æхсæйвон уæлдæфи идард.
Уидтай уонити еугурдæр,
Дæ уолæнтæй сæ рæвдаугæй.
Уидтай нæ догæн æ фæлтæр
Куд хъиамæт кодта зæрдтагæй.
Сæ куст дзурдзагъдæй нæ киудтæй,
Æма сæ фæззæг æрцудæй
Идзаг æфсерæй æд бæркад,
Афойнадæбæл æнæсайд.
Фæззигон надбæл ратулдæй
Хуарæйдзаг уæрдун, къæс-къæсæй,
Полий къуари хай – фæрнуг,
Фæрнуг, бæркадгин 'ма гъæздуг.

II
Ирæф, Ирæф, абони дин
Æ дзиллæ æрветуй цитгин
Дæ устур бони æ салан, –
Не ’гас дæр дæ цийнæй хъал ан.
Æма куд нæ... силгоймæгтæй
Нæ Ири адæммæ фиццаг
Дæ гъомбæлгæндтитæй иссæй
Герой, – нæ адæмæн хиццаг
Боллоти намусгин Полий!
Йе алли гектарæй нартихуар
Ку ’рхаста ’вдай æма цуппар
Центнертæй, хуæрзгъæдæй æнхæст.
Йе Сталини размæ æ дзурд
Ку банхæст кодта ку бæлвурд,
Равдесгæй фæллойнади æнтæст.

III
Адтæй и хорти-хорау бон,
Арвæй лæфинттæ ивулдæй.
Уæлдæф цъæх арви æ фæндон
Тахтæй уæлхуæнхти уозерæй.
Ирæф, куд некæд, зæрдæхъал
Гæлста пурхæнти æ цæхъал...
Дæлхонх и гъæдæн æ астæу
Зиндтæй Ирæфгæронмæ гъæу;
Адтæй Æхсæрæн йе æ Сæр.
Цæуй æ астæуæй унæр;
Æд сурх турусатæ адæм
Лæудтæнцæ и фæзи кадæн.
Дзорæг адæмæн, парахат,
– «Махæн абони ’й бæрæгбон!
О, хуарз æмбæлттæ, нæ фæндон,
Уинæн нæхуæдтæ, æрцудæй,
Полий, Полий Герой иссæй!
Рагон рæстæги кæд адтæй
Бартæ силгоймагæн Ири?
Некæд! Æфхуæрдæй фæццардæй
Фиццагон доги йе зини...
Цæрæд нин кадæ ’ма нивæй
Нæ уарзон Сталин æнзтæй
Мингай. Мæлæт дæр ин ма уæд!
Æности дæр æгас цæуæд!»
Дзорæг и дзорæги ивта,
Алке æ зæрдиуаг дзурдта.
Уæдмæ æмбурди федарæй
Полий равардта нæуæг дзурд:
«Йесун уæ размæ æз ихæс,
Куд аци анзи мах, бæлвурд,
Гектарæй райсдзинан тиллæг
Центнертæ нимæдзæй сæдæ.
Æгас цæуæд зинаргъ фидæ –
Сталин – номдзуд раздзæуæг!»

***
Адтæй и хортихорау бон,
Лæфинттæ арвæй ивулдæй.
Уæлдæф бæрзæндти æ фæндон
Æ фæлмæн тагъди æрзилдæй.
Фæцæй уотемæй цубурæй
Полий æмбурди æ салан.
Адæм цийнади æнхуæцæй
Исаразтонцæ къохæмдзæгъд.

*4 мартъи, 1948 анз.*

***Еу бæласæ, дан, базæронд æй æма загъта: «О, адæм, æз зæнхæбæл хуæцунæй бафæлладтæн æма æрхъан уодзæнæн, фал мæ фæсвæдмæ æгади гæлст ма ракæнетæ, ауон уин берæ ку фæддардтон...» Аци хабар нин зундамонæн ку исуидæ æма нæ хестæртæй нæ дзиллæн уодуæлдайæй ка фæллæггадæ кодта, уонæн æма сæ хъиамæттæн раст аргъгæнæг куд уæн...»***



**БОЛЛОТИ Полий (галеуæрдигæй фæндзæймаг) нæ республики адæмон хæдзаради раззагдæр косгути хæццæ балций.**

# ÆВÆСМОН АДТÆЙ Æ ЦАРД



Æ рæстæги Боллоти Полийи туххæй уацтæ ка финста, уонæй еу адтæй ЦЪЕБОЙТИ Александр дæр (не 'хсæн нæбал æй, рохсаг уæд). Абони мухур кæнæн уой бацæттæгонд æрмæг.

Уогæ ба, адæймаг ци дессаги конд æй: æ царди медæгæ ин цийфæнди зиндзийнæдтæ æвзаргæ ку рауайуй, уæддæр е ба, бонæй-бонмæ хуæздæр цардмæ æнгъæлмæ кæсгæй, фæллойнæ кæнуй сауæнгæ æ зæронди бонтæмæ, æнæ фæллойнæй еу усмæ дæр нæ фæразуй.

Уæхæн сагъæс мæмæ фæззиндтæй, Социалистон Фæллойни Бæгъатæр æхсæрисæркъкаг Боллоти Полийи къарæмæ кæсгæй. Бæрæг зиннуй, цидæр гъудити ке бацудæй, е. Цæбæл сагъæс кæнуй, цума, хъиамæтгун, рацæргæ силгоймаг? Кæд æй æ гъудитæ æ евгъуд царди бонтæмæ фæххастонцæ? Кенæ, исонибони цардиуагæ ци уодзæнæй, куд уодзæнæй, кæд убæл æй æ мæтæ? Цæбæл дзорæг æнцæ æ мæтъæл медбилти худт æма цæстити фæлладхуз здæхт каст? Æви кæд æхенимæр уайдзæф кæнуй кæмæндæр æма 'й еци усми феййафта къаресæг Бæлæути Гаппо? Нæ зонун, фал уæхæн сагъæссаг гъудитæ æвдесæг цæсгæнттæ ахид фæууинæн ес нуртæккæ кæмидæриддæр Иристони гъæути æма сахарти хестæр кари адæймæгути 'хсæн.

Абони царди зиндзийнæдти уæзæ уонæй хъæбæрдæр, æвæдзи, неке æрæлхъивта, умæн æма 'й етæ сæ кари фæлтæрддзийнадæй бæлвурддæр зонунцæ, цард ци 'й æма цæхуæн уа, рæстуодæй фæллойнæгæнæг си гъæуама æхе куд лæдæра, уой. Æма 'й уинунцæ. Нуриккон цардарæзти æгæр берæ ке иссæнцæ æнæрастдзийнæдтæ, уой дæр. Гъо, фал бухсунцæ, фæразунцæ. Ци сæ бон æй? Æндæр син гæнæн нæййес. Уæддæр ма сæрустурæй фæззæгъунцæ, мах, дан, ахур æма æхсист ан. Æма еци уæзи буни, кæд се 'стгути хъисхъис цæуй, уæддæр хелунцæ, хуми дæллаг гали хузæн размæ ивазунцæ царди уæззау æфсойнæ. Утемæй ба сæ цæргæ – цæрæнбонти хуæздæр исонибони сæрбæлтау тогвæллойнæ фæккодтонцæ... Полийи хузæн.

Полий Иристони зундгонд силгоймæгтæй еу адтæй. Устур Фидибæстон тугъди размæ райдæдта фæллойнæ кæнун колхозон будурти. Адтæй æ райгурæн гъæуи колхоз «Ирæф»-и нартихуарикустгæнæг звеной разамонæг.

Фидибæстон Устур тугъд ку райдæдта, уæд æ цардæмбал Мæхæмæт рандæй фронтмæ. Дуæ биццеуи хæццæ байзадæй æригон мадæ.

«Алцидæр фронтæн, алцидæр уæлахезæн!» – Фидибæсти уæхæн фæдзæхст æнхæст кæнгæй, удуæлдайæй хъиамæт кодтонцæ фæсфронти советон адæм. Еци дзамани уæззау гъезæмæрттæ бавзурстонцæ æхсæрисæрккæгтæ дæр. Уони хæццæ Полий дæр.

Уæхæн хабæрттæ имисгæй, утæ дзоридæ:

– Тугъди рæстæг мах ци зиндзийнæдтæ бавзурстан, ци мæгурибæнттæ фæуүидтан, уони нæ адæм макæдбал бавзарæнтæ. Мæ зæрдæй нæ хецæн кæнунцæ еци гъезæмæрттæ. Гъуди ма 'й кæнуй абони хузæн. Мет еци уарæги уардта Силтанухъи будурти. Мах ба уæд бæгънæг æма бæгъæнвадæй нартихуар тудтан къохтæй. Нæ разæй цудæй нæлгоймаг, нартихуари хъæлнæгътæй мет лæдзæгæй æрцæгъдидæ, утемæй мах ба æ фæсте нартихуар тонгæ цудан. Æнæ тонæн дæр ин нæ адтæй. Уомæн æма паддзахадон ихæс æнхæстгæнгæ адтæй. Фронтæн агъаз кæнун гъудæй. Уоми фæскъилдунæй зиндæр адтæй. Уоми мæлæт тугъдонти æгъатирæй цагъта. Æма нур дес фæккæнæн, мæ фæлтæри минæвæрттæн цæмæй низзулунтæ 'нцæ се 'нгулдзитæ, кæцæй сæмæ æрцудæнцæ æндиснæг (ревматизм) æма æндæр уæззау незтæ. Мæ фиди 'нсувæри уосæ, æригон силгоймаг, седзæргæс, еци уазал метбæл рахаудтæй, мæлæти къахбæл ниллæудтæй. Фал ма уæддæр мæн сагъæс кодта. Æ цæгатмæ Сурх-Дигорæмæ дæр нæбал бахъæрдтæй. Уæхæн увæрти кустан... Æма син æнтæсгæ дæр æгæр берæ дæр ма кодта.

Уæлдай зингæдæр æскъуæлхтдзийнæдтæ Полийи звеной иуонгтæн сæ къохи бафтудæй тугъди фæсте 1947 анзи. Ци зæнхи хæйттæ сæбæл федаргонд адтæй, уонæй æрæмбурд кодтонцæ нæхемæ Иристони нæ, фал бæсти æндæр рауæнти дæр ка некæдма адтæй, уойбæрцæбæл берæ тиллæг. Гектари хуарæрзадæ иссæй финддæс æма инсæй центнеремæй фулдæр, уой дæр æгъзалдæй нимайгæй. Аци нимæдзæ абони кæмæдæрти, æвæдзи, уоййасæбæл агъазиау нæ фæккæсдзæнæй, уæлдайдæр ба, нури хæлæфгæнæн рæстæгути бæрзонддæр тиллæгæрзади хицæй нин нæ будуртæ аллихузон хъилмахæссæг минералон гъæцæнтæй ка байдзаг кодта, уонæмæ. Хъилмахæссæг ба еци увæр уомæ гæсгæ исхудтан, æма утемæй ци тиллæг æрзайун кæнунцæ, уой нуртæккæ фонс æма маргъ дæр, æгæр ма исæстонг уæнтæ, æндæр ба 'й нæ хуæрунцæ. Ка 'й зонуй, ескæд ибæл етæ райахур уодзæнæнцæ, фал уомæй æ зæрандзийнадæ адæмæн нæ фæмминкъийдæр уодзæнæй.

Мæнæ Боллоти Полийи туххæй нæ радзубандий ци рæстæгути кой кæнæн, уонæми ба минералон гъæцæнтæй, зæгъун æнгъезуй, æгириддæр нæ пайда кодтонцæ, зæнхитæмæ зилдæнцæ фагусæй æма æндæр уæхæн æрдзон гъæцæнтæй. Мадта хумти нартихуари æвзартæмæ дæр фулдæр зилдæнцæ иуонгти хъаурæй. Нæ фагæ кодта тракортæ, æндæр гъæуунхæдзарадон техникæ, уомæ гæсгæ ба хумзæнхитæ гъуд кодтонцæ къæпетæй, æхсæдгæ дæр – уонæй...

Мæнæ ци анзи кой ракодтан, уæд Боллоти Полий разамунд ци зæнхикустгæнгути къуарæн разамунд лæвардта, е агъазиау фæллойнадон æнтæстдзийнæдтæй ке фескъуæлхтæй, уой туххæй ин лæвæрд æрцудæй Социалистон Фæллойни Бæгъатæри ном. Æ реубæл исæрттивтонцæ Сугъзæрийнæ Стъалу æма Ленини орден. Еци устур кадæ æма намуси хабар райгъустæй айдагъ Иристонбæл нæ, фал еугур Советон Цæдесбæл дæр.

Æнзтæ цæунцæ æма си алкедæр адæймаги цæсгонбæл ниууадзуй æ фæд. Адæймаг ку райгуруй, уæд ин æнæ зæрондгæнгæ дæр нæййес... Æрзæронд æй Полий дæр. Цард æ уæззаудæр уæргътæ нури доги æрæвардта хестæр фæлтæри усхъитæбæл. Полий пенсиесæг æй. Социалистон Фæллойни Бæгъатæрæн циуавæр кадæ искодта нури хецауадæ, е бæрæг æй, ци пенси есуй, уомæй дæр. Сахар Дзæуæгигъæуи ку цæридæ, æнæ еске агъазæй еунæгæй, уæд ин æ пенси айдагъ дзол æма цаййи фагæй уæлдай нæ уайдæ.

Æхсир æма фидизгъæли кой нæбал кæнæн. Æ бон нæ адтайдæ нæдæр фатери, нæдæр электрон тухи, нæдæр дони æма æндæр коммуналон лæггæдти туххæй феддонтæ федун.

Гъе ба дин гъе, æ Фидибæсти æма æ адæми хуарздзийнадæн æ уод ка не 'вгъау кодта тугъди будури дæр æма фæскъилдун дæр, тугъди фæсте гъæуагæй-гъæуагидæр æнзти дæр, еци ветеранти ирисхъæ абониккон æмæнтъери рæстæги. Раст фæззæгъунцæ рацæргæ адæми фулдæр хай:

– Кæд нæ уæхæн увæри æвæруй, нæ рæстуодæй хъиамæтти бæркадæй утæ хевæндæй ка пайда кæнуй, еци нуриккон хецаудзийнадæ, уæд гъæуама куд нæ тингун кæнæн, нæ фурмæстæй куд гъæуама нæ бафæрсæн, цæй фæдбæл адтæнцæ нæ уодуæлдай хъиамæттæ, цæбæл æма цæй сæрбæлтау тох кодтан, зæгъгæ? Цæмæй абони уæхæн увæри уæн, уой туххæй?..

Раст адтæй нæ курухон фидтæлти загъд: «Æ сувæллæнттæбæл ка нæ тухсуй æма æ рæдуд исраст кæнунбæл ци паддзахадæ нæ архайуй, уомæн нæййес хиццаг исонибон...»

Цидæр æй, уæддæр Полий гъенцъун нæ кæнуй. Нæ уацхæссæг Бæлæути Гаппо æй ку фарста, дæ цардвæндаги дин фæсмойнаг ести ес, зæгъгæ, уæд ин уæхæн дзуапп равардта:

– Фæсмон нецæбæл кæнун. Уæдта ку кæнон, уæддæр си ци рауайдзæнæй? Мæн хузæнтти ма ка фæрсуй!.. Нæ кæстæртæбæл мæтæ мæ тухсун кæнуй. Махæн нæ ирисхъæ, æвæдзи, уæхæнæй финст æрцудæй нæ тæрнихтæбæл. Хуцау нин не 'ригони æнзти искарста уæззау хедвæллойнæ кæнун, ку æрзæронд ан, уæдта бабæй уомæй дæр æма хецауадæй дæр иронхуати байзайун. Фал куд уодзæнæй нæ кæстæрти исонибон? Сæ уодиконд æма син сæризунд куддæр усхъуммитæ ку кæнунцæ нури дзамани сайтангонд фæткитæ. Æнæ фæллойнæй сæмæ берæ гъæздугдзийнæдтæ куд уа, убæл æй сæ сагъæс, умæ тулаваст ке кæнунцæ, е сæ зундирахасти сæбæл хъаурæгиндæр кæнун байдæдта. Уой фудæй фудракæндитæ фулдæрæй-фулдæр кæнунцæ. Æхцай хъаурæ æ буни кæнуй адæймаги хуарз менеугутæ – æфсармæ, æрдхуард-æнсувæрдзийнади æновуддзийнадæ, лæги кадæ æма намус... Уæййаг иссæнцæ, адæймаг иннæ цæрæгойтæй цæмæй хецæн кодта, Хуцауæй лæвæрд еци хуарзæнхитæ. Æма сагъæссаг е æй. Æма ма кæд естæмæ бæллун, уæд умæ, цæмæй бабæй нæ царди исцитгин уонцæ фарнæхæссæг æгъдæуттæ.

Фæллойни æма тугъдон хъиамæттæй ка фескъуæлхтæй, уæхæн хестæртæ не 'хсæн берæ нæбал æнцæ. Фал кæдмæ цæронцæ, уæдмæ син зæрдихудт гъæуама маке хæсса, фал зæрдтагон аудундзийнадæй рæвдуд уонцæ. Уой аккаг æнцæ етæ. Берæ нæ фæгъгъæуй зæронд удгоймаги – æргъудидзийнадæ. Зонгитæ, хеуæнттæ, бунæттон хецауади æргъудидзийнадæй еуцæйдæрбæрцæдæр хайгин ку уонцæ, уæд уæхæн мæтъæл æма сагъæссаг каст нæ кæндзæнæнцæ айдагъ хузистæй нæ, фал адæймаги хæццæ комкоммæ фембæлгæй дæр.

**Зундгонд паддзахадон архайæг Калинин Михаил Ивани фурти райгурдбæл 19 ноябри æнхæст кæнуй фондз æма авдинсæй анзи (1875-1946). Æ рæстæги иуазæгуати адтæй Иристони, æ номбæл нæмæ адтæй колхозтæ, абони ба æ ном хæссунцæ Дзæуæгигъæуи æма гъæутæй кæцидæрти гъæунгтæ.**

***Райдæдта адæмон исфæлдистади республикон æркаст «Иристони фарнæ». Æркасти концерттæ арæзт æрцæуонцæ еугур районти дæр, уæлахездзаути концерт ба æвдист цæудзæнæй телевизион æма онлайн уагæй. Нури эпидемиологон уавæрти фудæй районти концерттæ рацæудзæнæнцæ аййевадæуарзгутæ си нæ уодзæнæнцæ, уотемæй.***



ДЗОТТИ Лазæр бæгъатæрæй фæммард æй Воронежи алфамбулай тугъдтити. Аци сахари æ номбæл ес гъæунгæ, ардигон дзиллæ ин исаразунцæ номерæн мадзæлттæ.

# ХУАРЗ РАКÆНÆ ÆМА ХУАРЗ ИССЕРДЗÆНÆ...

Уæззау зунди хецау адтæй, æцæг курухон, зæгъгæ, кæмæй фæззæгъунцæ, уæхæн лæг. Дзоргæ дæр фæлмæн гъæлæсиуагæй кодта. Уонæмæ уогæй, цит, хаттæй-хатт расабур уинæ, æма талингæ кæнун райдæдта, зæгъгæ, уæд мæ ездонæй рафæрсидæ:

– Биццеу, кæд ами изайис, уæд, табуафси, фусун дин уодзинан, кæд нæ, уæдта дæхебæл мабал æнафонæ кæнæ, цæмæй афойнадæбæл дæ хæдзарæбæл исæмбæлай. Дæ ниййергути зæрдæ дæмæ дзордзæнæй. Кæд дæмæ, ци нæ фæууй, фæндаггаг нæййес, уæд дин февæрдзæнæн...

Æма уæхæн лæгæн æ уæлзæнхон царди фæстаг бон æгъдау раттун кадæртæ, ихæсгун уогæй, сæхецæн ихæсбæл ке нæ банимадтонцæ, е мæмæ хъæбæр хардз æркастæй. Ка ’й зонуй, еци кадæртæ уотæ загътайуонцæ, гъома, некебал ин ес æ фæсте байзайæггагæн, æма ма кæмæ гæсгæ хъиамæт кæнæн... Уæхæн зундирахаст дæр нæмæ, гъулæггагæн, ахид рабæрæг уй æма е ба уæлдай æверхъау цæстæмæ миуæ æй – адæймагæн æхемæ гæсгæ ма исæгъдау кæнæ, фал, де ’гъдауæн дин ка исаргъ кæндзæнæй, уæхæнæй ин еске ес æви нæййес, уомæ гæсгæ...

Зианæй ку рацудан, уæд мæхецæн хъæбæр федарæй дзурд равардтон: абонæй фæстæмæ маке мæлæд, фал мæгури зиани хабар мæмæ кæцæй уа, уордæмæ æнæ зийнадæй алкæддæр цæудзæнæн, ци гæнæн æма амал уа, уомæй.

Мæ сагъæсти уотæ арф ранигъулдтæн, æма ’й лæдæргæ дæр нæ бакодтон, нæ хуæдтолгæ цæмæн æрлæудтæй, уой. Сахар Æрæдони автомобилон кустуати уæнгæ ку æрхъæрдтан, уæд нæ хуæдтолги артаг фæцæй... Шоферæн æ къохи резинæ къибила æма шланг, уотемæй æрлæудтæй надгæрон, кæд имæ, миййаг, уоми рауайæ-бауайæгæнæг хуæдтолгити шофертæй еске æрлæууидæ æма ин артаг раттидæ. Фал имæ, гъулæггагæн, еунæг хуæдтолгæ цæуæг дæр некæцæй адтæй.

Уæд исфæндæ кодта, ци кустуати размæ æрлæудтан, уордæмæ гъæуайгæсмæ æхе бахатун æма си еу къибилайдзаг артаг ракорун. Цæугæ бæргæ бакодта, фал еци гъæуайгæс, æхе дæр ка нæ уарзта, уæхæн лæг разиндтæй.

– Æз ами гъæуайгæсæй уæлдай неке дæн... Кумæ цудтæ, уой нæ зудтай? – зæгъгæ, бауайдзæф кæнгæй, гъæри буни дæр ма ’й фæккодта.

– Мæ адæм хуæдтолги гуффи сæ фуруазалæй байгудзæг æнцæ... Уонæн уæддæр батæрегъæд кæнæ, – нæ шофер бабæй имæ лигъстæгæнгæй, æхе бахадта.

Фал хъалагъур, цума ’й игъосгæ дæр нæ фæккодта, уотæ ’й дзоргæй ниууагъта, æ фæсте колдуар нихгæнгæй.

Ци гæнæн ма ин адтæй, æма нæ шофер фæстæмæ æ ревæд къибилай хæццæ æрбаздахтæй.

Уæди рæстæгути хуæдтолгити артаг къапеккитæ кодта, алли кустуатмæ дæр æхе артаги æвæрæнтæ адтæй. Надбæл æ артаг кæмæн фæуудæ, уомæн алкедæр фæууорамидæ, æцæг дæмæ шланг æма къибила уæд. Æхцайæн æ кой кæнгæ дæр неке кодта, уæд уæхæн дзаман адтæй. Мадта дæ æнафони телефонæй ахсгиагæй бадзорун багъудæй, зæгъгæ, уæд уайæ милицæмæ. Айдагъдæр уонæмæ адтæй телефон. Нури хузæн, алкæмæн æ дзиппи телефон нæ адтæй.

Изæрдалингтæ нæбæл иссæй, не ’цæгæй исуазал ан, суйун райдæдтан. Уæдмæ нæ нивæн еу рацæргæ лæгæн æ гъог æргъауæй бартæстæй æма уой агорæг рацудæй будургæронмæ. Æгудзæг адæм ку æруидта, уæд сæмæ изолæй фицщаг гурусхаг кæститæ кодта, гъома, ка ’нцæ æма мети рагъбæл къуæрттæ-къуæрттæй ци рацо-бацо кæнунцæ. Уалинмæ еци лæг, æ гъог æ разæй, уотемæй нæмæ хæстæг æрбацудæй æма дин лæгти къуарæй кæмæдæр дзоруй:

– Ду, Муртаз нæ дæ, Муртаз?..

– Муртаз бæргæ дæн, кæд ма аци изæр фæййервæзон, уæд...

Еузагъдæй, еци æрæдойнаг лæг æма нæхе, Дзотти Муртаз рагон хуарз лимæнтæ разиндтæнцæ.

– Дæ гъæлæсиуагæй дæбæл фæггурусхæ дæн, уæ рæзти ку райевгъудтæн уæд æма гъудити бацудтæн, æнæ бафæрсгæ ’й нæ ниууадздзæнæн, – загъта æрæдойнаг.

Æма нур дууæ лимæни кæрæдзей еци зæрдæхцæуæнæй нихъхъури кодтонцæ.

– Тагъд дæ адæми, нæлгоймагæй-силгоймагæй, дæ фæсте рахонæ мæ хæдзарæмæ, – загъта Муртазæн.

Æ хæдзарæ ба, нæ хуæдтолгæ ци кустуати рази æрхустæй, еци рауæнмæ хæстæг разиндтæй.

Берæ лигъстæ кæнун нин нæ багъудæй, уомæн æма не ’цæгæй исæфгæ кодтан, аци Хуцауи уарзон лæг нæ ку нæ байуазæг кодтайдæ, уæд. Нæ адæмæй ни алкедæр, меддуармæ бахезуни размæ æ цæсгон æрæхснадта донæй – уотæ бакæнун фæгъгъæуй, зианæй хæдзарæмæ бахезуни размæ. Æма е, гъай-гъай, нæ фусунтæн æхцæуæн адтæй, кæд дзоргæ неци искодтонцæ, уæддæр бæрæг адтæй.

Нæ фусун лæг уайтæккæ дæр сæ синхи лæгтæ æма силгоймæгти æрбамбурд кодта. Косарт нин ракодтонцæ, урух, гъар авæртти фингитæ æрбайвардтонцæ – нæлгоймæгтæ æма силгоймæгтæн хецæнтæй. Æфсийнæ иуазæгуарзон ке адтæй, е бæрæг адтæй е ’змæлдæй æма уотæ бакодта:

– Æгириддæр ма тухсетæ, тæвдæ арахъ цивзий хæццæ мард дæр райгас кæндзæнæй...

Хæдзари хецау Муртази хестæри бунати исбадун кодта, æхуæдæг ба дуккаг хестæрæн æ рахес фарс æрбадтæй.

– Арахъæй уин нæ батухæ кæндзæнæн, кæцæй рацудайтæ, уой зонун, фал уи æ уоди тæрегъæди дæр маке бацæуæд, – загъта иуазгутæн хæдзари хецау.

Муртазæн ба, сæрмагондæй райарфæ кæнгæй, кади ниуазæн равардта:

– Дæу æз ескæд мæ хæдзари фæууиндзæнæн, уой æнгъæл некæд адтæн. Дæ хуарздзийнæдтæ æгæрон æнцæ, некæд сæ феронх уодзæнæн. Устур арфиаг ди дæн. Мæ сабийтæ дæу фæрци гъар авари сæ зумæг берæ хæттити рарвистонцæ. Уæдта ди айдагъ æз нæ дæн арфиаг, адæм ди цæйбæрцæбæл боз æнцæ, уой ма берæ кæмæйдæрти фегъосинæ...

Цубурдзурдæй, хъæбæр нæ байуазæг кодтонцæ æрæдойнæгтæ. Нæ хуæдтолги дæр нин æ бакки тæккæ идзаг артаг никкодтонцæ, æма нæ уотемæй рафæндараст кодтонцæ æмбесæхсæви. Нæ бийнонтæ дæр, гъай-гъай, катаййи бацудæнцæ, хумæтæги сæбæл нæ байнафонæ æй, адæмбæл маци фидбилиз æрцæуæд, зæгъгæ, сæхецæн бунат нæбал ирдтонцæ.

Дуккаг бон Муртаз нæхемæ иссудæй æма нæ фидæн ракодта æзини цауи хабар. Нæ фидæ имæ лæмбунæг фегъуста, уæдта æ гъудитæ дзорун райдæдта. Муртазæн загъта:

– Сæрмагондæй мæ фæндуй зæгъун Муртази туххæй, уæлдайдæр ба, аци анз нæ Уæлахези 75 анзи цитгинæй ке бæрæг кæнæн, уомæ гæсгæ. Райгурдæй 1915 анзи Дур-Дури, зæнхкосæг бийнонти ’хсæн. Æ нийййергутæ Александр (1886-1980), гъæубæсти ’й фулдæр Алæг, зæгъгæ, фæсномугæй хониуонцæ æма æ мадæ Гуцауон Олинкъа (1888-1962), уой дæр фулдæр, Гога, зæгъгæ, фæсномугæй хониуонцæ, адтæнцæ æгъдаугин, хуæдæфсармæ, фæллойнæуарзагæ, гъæубæсти ’хсæн сæ кадæ адтæй бæрзонд. Муртаз 1936 анзи каст фæцæй Дзæуæгигъæуи фестæгцæуæг æфсæддон училище. Лæвæрд ин æрцудæй лейтенанти цин. Нисангонд æрцудæй Алагири районы тугъдон комиссариати сæргълæууæгæй. Еци анз бакодта бийнонти гъуддаг. Цардæмбалæн равзурста алагираг Беккузарти Асламурзайи кизгæ Нини. Устур Фидибæстон тугъди рæстæг немуцаг-фашистон æрбалæборгути нихмæ тох кодта Хонсар-Нигулæн фронти. Æхе бауæрбæл бавзурста карз тугъди уæззаудзийнæдтæ. Взводи командир уогæй, хъазауатонæй тох кодта цифуддæр знаги нихмæ. 1943 анзи, гъулæггагæн, уæззау цæф фæцæй æма æ цæфтæ ку бадзæбæх æнцæ, уæд дохтирти хатдзæгмæ гæсгæ тохунгъон нæбал адтæй, æма ’й сæ хæдзарæмæ исæрвистонцæ.

Тугъди фæсте æвзурст æрцудæй колхози сæрдарæй. Цалдæр анзей фæсте ба иссæй гъæусовети сæрдар. Уой хæццæ ба ма гъæууон астæуккаг скъолай ахурдзаутæн лæвардта тугъдон цæттæдзийнади уроктæ. Кæмидæриддæр косгæ рауадæй Муртазæн, уоми æ кадæ адтæй бæрзонд, устур аргъ ин кодтонцæ е ’мкосгутæ, гъæубæстæ æнæгъæнæй дæр.

Муртаз æнсувæри цард ци берæ адæми хæццæ фæккодта, уонæй еу адтæй зундгонд партион æма æхсæнадон архайæг Гапбати Иван. Мадта зундгонд дирижер Гергити Валерийи фидæ Абисали хæццæ ба уæлдай æновуд æрдхуæрдтæ адтæнцæ, æ цардæмбал Тамарæн ба ма къохбæлхуæцæг дæр адтæй. Æма алкæддæр сæ кæрæдземæн æгъдау лæвардтонцæ, сæ хæстæгдзийнадæ се ’хсæн федар адтæй.

Муртаз хъæбæр хъонцгæнгæй имиста æ уарзон кæстæр æнсувæр Лазæри, сæрустур си адтæй – Устур Фидибæстон тугъди рæстæг е ’ригон цард Райгурæн бæсти сæрбæлтау иснивонд кæнгæй, е равдиста агъазиау æскъуæлхтдзийнадæ, æ бæгъатæрдзийнади кой райгъустæй æнæгъæнæ Советон Цæдесбæл дæр. Æ кадгин ном цæруй æма æностæмæ цæрдзæнæй арфиаг дзилли зæрдити!..

Нæ сæртæй ниллæг ковæн тугъди ветерантæн. Абони ма си цардæгас ка ’й, етæ æнæнезæй, æнæмастæй цæрæнтæ! Не ’хсæн си ка нæбал æй, тугъди будурти æностæмæ ка байзадæй, уæдта уордигæй ка исæздахтæй, фал си абони не ’хсæн ка нæбал æй, еци тугъдонтæн ба рохсаг зæгъæн...

Дигорæ
Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».
Республиканская массовая общественно-политическая газета «Дигора».

**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**
**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел. 25– 22– 56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.
**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-А, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.
**Учредитель и издатель**: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций РСО-Алания. 362003, РСО-Алания, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон службы Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ 15 – 00141, 2017 анзи 14 апърели.**

**Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алании. Регистрационный номер ПИ №ТУ15-00141 от 14 апреля 2017 г.**
**Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газета напечатана в ООО «Издательство «Южный регион». 357600, г. Ессентуки, ул. Никольская 5 а.**

**Газет цæуй къуæрей еу хатт – геуæргибони.**
Почти индекс **161**.
Тираж **650**. Заказ **№2443.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 17.11.2020.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мухурон рауагъдади пайдагонд ку цæуа, уæд гъæуама æнæмæнгæ бæрæггонд уа, «Дигорæ»-й ке рафинстонцæ, е.**

**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не ’рветæн.**

**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**

**Рекламæ æма игъосункæнуйнæгти туххæй «Дигори» редакци æхемæ бæрнондзийнадæ нæ есуй.**